**दिन–बुधवार** **दिनांक–27.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानसभाक शीतसत्रक तेसर दिन आइ आरक्षण, वक्फ संशोधन विधेयक आओर स्मार्ट प्रीपेड मीटर सहित आनो–आन मुद्दा के लऽकऽ आइ जमिकऽ हल्ला–गुल्ला भेल। एहि बिच सत्तापक्ष आओर विपक्षक बिच नोक–झोक सेहो भेल। विपक्षी दलक नेता सभ बैनर–पोस्टर लऽकऽ सदनक बेल मे जा कऽ प्रदर्शन कयलनि। एकर बाद अध्यक्ष सदनक कार्यवाही दू बजे धरि लेल स्थगित कऽ देलनि। विधानसभाक बाहर भाकपाक विधायक सभ जीविका आ आशाकर्मी सभक कतेको मांग के लऽकऽ प्रदर्शन कयलनि। ओतहि, ए.आई.एम. आई.एमक विधायक अख्तरूल इमान उर्दू शिक्षक बहाली के लऽकऽ प्रदर्शन कयलनिं

---

एम्हर, विधान परिषद मे प्रश्नकालक बिच जमीन सर्वे के लऽकऽ उठाओल गेल सवालक उत्तर दैत राजस्व आओर भूमि सूधार मंत्री डॉक्टर दिलीप जायसवाल जनौलनि जे कतेको ठाम खाता आओर खतियान बेसी पुरान भेला सँ सर्वे मे कठिनाई भऽ रहल अछि। ओ जनौलनि जे एहि के शीघ्रहि दूर कऽ लेल जायत। विपक्षी दल कतेको प्रखंडक अंचल कार्यालय मे भूमि सर्वे सँ जुड़ल भ्रष्टाचार पर सरकार सँ सवाल पूछलनि। एहि पर विभागीय मंत्री जनौलनि जे सरकार भ्रष्टाचार मुक्त शासन लेल प्रतिबद्ध अछि।

---

संसद मे एक पैघ कारोबारी समूहक खिलाफ घूसक आरोप सहित कतेको मुद्दा पर विपक्षक हल्ला–गुल्लाक कारण दुनू सदनक कार्यवाही आइ दिनभरि लेल स्थगित कऽ देल गेल। सदनक कार्यवाही शुरू होयतहि सभापति जगदीप धनखड़ विपक्ष दिस सँ नियम दू सय सड़सठि मे स्थगन नोटिस खारिज कऽ देलनि। सभापति जनौलनि जे ओ सदनक कार्यवाही निलंबित करय सँ जुड़ल नियम कतेको बेर दोहरौलनि अछि आओर एहन नोटिस नहि लेल

जा सकत। ओ जनौलनि जे राज्यसभा के सभापतिक जनतबक पालन करबाक चाही। कांग्रेस सहित आनो–आन विपक्षी सदस्यक हल्ला–गुल्लाक बिच उच्च सदनक कार्यवाही दिनभरि लेल स्थगित कऽ देल गेल। एम्हर, लोकसभा मे सेहो विपक्षी दल दिस सँ एक पैघ कारोबारी समूह पर लगाओल गेल घूसक आरोप आओर आनो–आन मुद्दा के लऽकऽ हल्ला–गुल्लाक कारण सदन के दिनभरि लेल स्थगित करय परल।

———————————————————————

केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण उनतीस नवंबर कऽ दरभंगाक दौरा करतीह। वित्त मंत्री राज मैदान मे आयोजित उद्यमिता विकास कार्यक्रम मे करीब छओ हजार लाभुक सभ के कौशल युवा कार्यक्रम में एगारह हजार करोड़ टाका सँ बेसीक ऋण बांटतीह। स्थानीय सांसद डॉक्टर गोपालजी ठाकुर जनौलनि जे एहि मे शिक्षा ऋण, डेयरी विकास आओर कृषि सँ जुड़ल ऋण सहित आनो–आन योजना लेल युवा सभ के ऋण देल जायत।

———————————————————————

राज्य सरकार मिशन उन्नयन मे नर्सिंग सेवा के विश्वस्तरीय बनायब आओर ई क्षेत्र मे बढ़िया बदलि करबाक लेल सदिखन काज कऽ रहल अछि। स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय आइ पटनाक ऊर्जा स्टेडियम मे मिशन उन्नयन पर आयोजित कार्यशाला के सम्बोधित करैत ई गप जनौलनि। ओ जनौलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे सात निश्चयक दोसर चरण मे नर्सिंग क्षेत्र मे क्रांति लयबाक लेल कतेको डेग उठाओल गेल अछि। श्री पांडेय जनौलनि जे राज्य मे नर्सिंग सेवा के विकसित करबाक लेल गुजरातक अहमदाबादक इंडियन इस्ट्ीच्यूट ऑफ पब्लिक हेल्थक एक शाखा के बिहार मे खोलल जायत। एहि मौका पर आई.जी.आई.एम. एस आओर कुर्जी होली फैमिली अस्पताल नर्सिंग कॉलेज सहित राज्यक बारह संस्थान के निक नर्सिंग सेवा देबाक लेल सम्मानित सेहो कयल गेल। कार्यशाला मे स्वास्थ्य विभागक अपर मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत सहित आनो–आन वरिष्ठ अधिकारी सभ छलाह।

———————————————————————

राज्य सरकार चालू पेराई सत्र दू हजार चौबीस–पचीस लेल कुसियारक क्रय मूल्य मे दस टाका प्रति क्विंटल बढ़ौलक अछि। गन्ना उद्योग विभागक मंत्री कृष्ण नन्दन पासवानक अध्यक्षता मे भेल बैसार मे ई निर्णय लेल गेल। ई बढ़ोतरी बाद उत्तम प्रभेदक कुसियारक क्रय

मूल्य तीन सय पैंसठि टाका, सामान्य प्रभेदक तीन सय पैंतालीस टाका आओर निम्न प्रभेदक कुसियारक क्रय मुल्य तीन सय दस टाका प्रति क्विंटल भऽ गेल अछि।

————————————————————————

आइ दरभंगा एयर पोर्ट सँ एकहुं हवाई जहाजक उड़ान नहि भऽ सकल। भेटल जनतबक अनुसार खराब मौसम आ दृश्यता कम भेला सँ दरभंगा सँ उड़यवला आ आबयवला सभ हवाई जहाज के निरस्त कऽ देल गेल। ध्यायतव्य अछि जे उपकरणक कमि सँ कुहेस '. 44काल कम दृश्यताक कारण बाधा होयत रहैत अछि।

————————————————————————

अररिया जिला मे पुलिस आओर एस.एस.बीक संयुक्त कार्रवाई मे दू अपराधी के देशी पेस्तौल, चारि गोली आओर मोबाइलक संग गिरफ्तार कयल गेल अछि।

————————————————————————

कटिहार जिलाक रोशना थानाक महानन्दा चेकपोस्ट पर पुलिस तीन सय चौबीस लीटर विदेशी शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त